


# PEDAGOGIKALIQ TÁRBIYADA OQIWSHI JASLARDIŃ MILLIY SANASIN JETILISTIRIW MÁSELELERI

**Jusipbaeva Gozzal Maxsetbayevna**
Andijan walayati Paxtaabat tumani 31-sanli uliwma orta bilim beriw mektebining "Tárbiya ham huquq" páni oqituwshisi
https://doi.org/10.5281/zenodo.7790594

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25- mart 2023 yil
Ma'qullandi: 28-mart 2023 yil
Nashr qilindi: 31-mart 2023 yil

**KEY WORDS**

*Milliy sana, milliy sananiń ólshemleri, milliy tárbiya, milliy ǵurur, qádriyat, moralliq páziletler.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada oqiwshi jaslardiń milliy sanasin jetilistiwde pedagogikaliq tárbiyaniń orni hám roli haqqinda sóz etilgen.*

Búgingi kúnde milletimiz "Milliy tikleniwden – milliy jetilisiwge qaray" ideyasi tiykarinda rawajlaniwdiń jańa basqishina adim atar eken, jaslardiń milliy sanasin jetilistiriwde pedagogikaliq tárbiyaniń aktual ekenligin kóriwimizge boladi. Ásirese bul ideya tálim-tárbiya sistemasina da óziniń aniq talaplarin qoyadi. Bul talaplar sheńberinde mámleketimizde tálim tarawinda pedagoglardiń materialliq-ruwxiy sharayatin túpten jaqsilaw, tálim sapasin asiriwdiń zamanagóy texnalogiyalarin engiziw zaman talabi esaplanadi.

Sebebi tálimdi tárbiyadan, tárbiyani bolsa tálimnen ajiratip bolmaydi,[1] bul eki process óz-ara birlesken, úzliksiz tiykarda shólkemlesetuǵin ádepli, moralliq páziletlerge iye, joqari mánawiyatli, soniń menen birge bilimli, ruwxiy hám fizikaliq jaqtan jetilisken, keń dunyaqarasli hám pikirge iye, zamanagóy watanpárwar jaslardi jetilistirip beredi.

Milliy tárbiya haqqinda gáp ketkende, taniqli aǵartiwshi Abdulla Avloniyning «Tárbiya biz ushin ya ómir – ya ólim, ya úmit ya apatshiliq, ya baxit – ya baxitsizliq máselesi»[2] degen tereń mánili sózleri insan itibarin tartadi. Kóplegen alimlar óz izertlewlerinde mánawiy krezistiń tiykarǵi faktorlari boyinsha bir neshe izleniwler alip bardi, hár qiyli analizli pikirler ilimiy tiykarlandi, biraq bulardiń ishinde insandi táshwishke salatuǵin bir qaraǵannan itibarsizday túyiletuǵin, biraq nátiyjesi keleshekke qáwip salatuǵin bir faktor, yaǵniy jámiyette jaslar tárbiyasina itibarsizliq, pedagogikaliq tárbiyada oqiwshi jaslardiń milliy sanasin jetilistiriw hám bunda milliy tárbiyani qáliplestiriw máselesiniń áhmiyetli ekenligine diqqat awdariw názerden shette qala berdi.

Xosh, jaslarda milliy sanani jetilistiwde milliy tárbiyaniń áhmiyeti qanday?

---

[1] Ислом Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент «Маънавият» 2008-й. 62-бет..

[2] Шавкат Мирзиёев раислигида 2019 йил 23 август куни халқ таълими тизимини ривожлантириш, педагогларнинг малакаси ва жамиятдаги нуфузини оширишга бағишланган видеоселектор йиғилишидаги нутқи.

Milliy tárbiyani qáliplestirmey, milliy sanani jetilistiriw túbi joq idisti suw menen toltirǵanday gáp. Milliy tárbiya bul mámleket ǵarezsizligin bekkemlewdiń pedagogikaliq shárti hám maqseti. Bir sóz benen aytqanda milliy tárbiya ǵárezsizlikti bekkemleytuǵin hám oni ámelge asiriwǵa tayyar perzentlerdi tárbiyalawǵa xizmet etedi.

Bul maqsetke jetisiwdiń ózine tán teoriyaliq mashqalalari bar. Solardiń biri – milliy tárbiya teoriyasiniń tiykarǵi nizamlari hám ilimiy túsinikleriniń jaratilmaǵanliǵi. Ekinshisi, Ǵarezsizlikti bekkemlewge tayyar perzentler qanday páziletlerge iye boliwi kerek? degen sorawlarǵa tájreybede tiykarlanǵan juwaplar aliw máselesi esaplanadi. Bulardiń bárshesi mámleketimiz mekteplerinde milliy ǵarezsizlik tárbiyasiniń ólshemlerin ilimiy tiykarlaw zárúrligin júzege keltiredi.

Milliy tárbiya ólshemlerin belgilewde, milliy ǵurur, watanpárwarliq, milliy ádep, hujdanliliq, iman-isenim, milliy ǵarezsiz idealogiyaliq sanani rawajlandiriw zárúr. Olarǵa qarama-qarsi bolǵan milliy biyparwaliq, watanpurishliq, satqinliq, hújdansizliq, idealogiyaliq bosliq siyaqli túsiniklerden awlaq boliw kerek. Bulardi bir-biri menen úzliksiz baylanistirip alip bariw bolsa pedagog tárepinen arnawli ólshem qilip aliniwi shárt.

Sonday-aq, milliy tárbiya ólshemlerin belgilewde oqiwshi jaslardiń jas, aqiliy imkaniyatlari itibarǵa alinadi.

Milliy ǵurur bul milletke tiyislilikti ańlaw, ózin óz milletiniń perzenti dep biliw, milley minnetlerin ańlaw, óz ana-tilin sheksiz jaqsi kóriw, sol tilde duris sóylew hám pikirlewdi ańlatadi. Abdulla Avloniy aytqaninday "milliy tildi joǵaltiw – millettiń ruwxin joǵaltiwdir".[3]

Demek, jaslarimizdiń milliy sanasin jetilistirewde dáslep milliy tárbiyani duris jolǵa qoyiw, milliy ruwxta tárbiyalaw oniń uliwmaliq mazmunin túsiniw, qáliplestiriw zárúr.

Sonida aytip ótiwimiz áhmiyetli, jaslarimizdi milliy ruwxta tárbiyalawda milliy úrp-ádetlerimiz de qádiriyat dárejesine kóterilgen.

Úrp-ádet – xaliqlardiń ishki múnásibetlerin tártipke saliwshi ólshem hám dástirlerdiń birligi esaplanadi. Úrp-ádetler ásirlew dawaminda jasap, adamlardiń moralliq ólshemlerine aylanǵan halda, olardiń qan-qanina, is-háreketine, kúndelik turmis-tárizine aylanip ketedi.

Insanlardiń óz xalqiniń úrp-ádetleri hám dástúrlerine ámel etpewi xaliq qádiriyatlarin bilmeslikke alip keledi. Sebebi hár bir milliy úrp-ádetlerimiz, dástúrlerimiz tiykarinda milliy ruwx, mánawiy qádiriyat siyaqli ulli insaniy páziletler jatadi.

Joqaridaǵilardan kelip shiqqan halda milliy sananiń tómendegi ólshemlerin kórsetip ótiwimizge boladi:

- milliy tárbiyada joqari moralliq páziletlerdi qáliplestiriw;
- jaslarǵa milliy miyras hám qádiriyatlardi úyretiw;
- jaslarda milliy ǵurur sezimin tárbiyalaw;
- tálim hám tárbiyaniń úzliksizligin táminlew.

Juwmaq sipatinda soni aytiwimiz múmkin, ertengi kúnimiz, ómirimizdiń párawanliǵi, rawajlanǵan mámleketler hám xaliqlardan kem bolmawimiz, bárshe iygilikli islerimizdiń ámelge asiwi, bir sóz benen aytqanda keleshegimiz, birinshi náwbette biziń ornimizǵa keyatirǵan jas áwladimizdi hár tárepleme jetik insanlar etip tárbiyalawǵa baylanisli.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar dizimi:

1. Islom Karimov. Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch. Toshkent «Ma'naviyat» 2008-yil.

[3] http://til.gov.uz/uz/news-and-announcements/anons/176

2. Shavkat Mirziyoyev raisligida 2019 yil 23 avgust kuni xalq ta'limi tizimini rivojlantirish, pedagoglarning malakasi va jamiyatdagi nufuzini oshirishga bag'ishlangan videoselektor yig'ilishidagi nutqi.
3. http://til.gov.uz/uz/news-and-announcements/anons/176

INNOVATIVE
ACADEMY